

## Aprann plis sou Pwogram Kanabis Medikal New York la

Dispansè kanabis medikal yo gen famasyen ki ka rekòmande pwodui ak dòz ki apwopriye yo, epi ki ka revize medikaman ki deja egziste yo pou diminye risk entèraksyon negatif.

**Si w swete konsome kanabis pou rezon medikal**, ou ka kalifye pou vin yon pasyan otorize. Pale ak pwofesyonèl swen sante w la pou detèmine si kanabis medikal la ka bon pou ou.

**Eskane kòd ki anba a pou jwenn yon lis pratisyen ki otorize pou bay otorizasyon**



*eskane mwen*



**Kanabis ka entèraji avèk sèten manje, medikaman, ak pwoblèm medikal. Pale ak founisè swen sante w la pou w konnen ki sa ki pi bon pou ou.**

## Konsèy pou yon Konsomasyon Kanabis ki pi an Sekirite epi Responsab

**Kòmanse avèk yon ti kantite THC.** Gwosè pòsyon pou chak pake ap endike an miligram oswa an pousantaj. Sa ka yon ka nan yon pwodui komestib oswa yon ti gout nan yon bwason. Tann jiskaske ou santi efè yo ANVAN ou konsome plis. Pwodui komestib yo ka pran plizyè èdtan pou yo fè efè.

**Pou diminye sansasyon efori a, chwazi pwodui ki gen rapò THC/CBD sou yo.**

Etikèt yon pwodui ka endike 2:4 THC:CBD, sa vle di gen 2 pati THC pou 4 pati CBD nan pwodui a.



## Resous sou Kanabis

Èd pou Adiksyon

Pale ak pwofesyonèl swen sante w la oswa yon konsèy sou itilizasyon sibstans si ou panse konsomasyon kanabis la lakoz ou gen pwoblèm, tankou si l ap deranje lavi chak jou w oswa li lakoz ou gen pwoblèm nan travay, lekòl oswa lakay ou, oswa si w gen difikilte pou diminye oswa sispann konsome kanabis.

Rele liy dirèk HOPE Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon an, ki disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7, **1-877-8-HOPENY (467369)** oswa voye yon tèks bay **HOPENY (467369)** oswa vizite **oases.ny.gov** pou aprann plis bagay sou tretman pou adiksyon.

**Èske gen yon moun ki konsome kanabis aksidantèlman oswa ki konsome twòp kanabis?**

Rele Sant Antipwazon an nan **1-800-222-1222**. Rele **911** si moun nan montre siy yon ijans.

**Ou gen yon enkyetid sou yon pwodui oswa yon biznis kanabis?**



*report it here*

**Si ou gen kesyon konsènan Biwo Jesyon Kanabis la**

tanpri rele nou nan: **1-888-OCM-5151**  
**(1-888-626-5151)** oswa  
voye yon imèl nan:  
**info@ocm.ny.gov**

**cannabis.ny.gov**



**Office of Cannabis Management**

Suiv nou sou rezo sosyal yo @nys\_cannabis



# YON GID POU KANABIS

pou granmoun aje



Aprann plis sou pwodui kanabis ki disponib jodi a ak ki jan yo ka afekte w.



**Office of Cannabis Management**

## Kisa kanabis ye?

Kanabis (yo rele tou marigwana, zèb, pòt, elatriye) se yon plant yo itilize depi plizyè milye ane kòm yon sous manje, pou fè kòd ak materyèl konstriksyon, nan pratik espiyèl, epi pou rezon medikal ak rekreyatif.

An 2021, Eta New York te legalize posesyon ak konsomasyon kanabis pou granmoun ki gen 21 lane oswa plis.

## Avantaj Legalizasyon an

Legalizasyon kanabis la sèvi enterè piblik la lè li etabli ankadre kanabis la, soti nan grenn nan rive nan vann li, espesyalman atravè:

- ✓ Reyenvestisman revni fiskal ki fèt sou kanabis nan kominote New York yo
- ✓ Kanpe pratik represyon enjis ki asosye ak entèdiksyon an nan Eta a
- ✓ Entèdiksyon pou minè yo achte pwodui yo
- ✓ Tès laboratwa sou tout pwodui yo pou diminye kontaminan danjere yo
- ✓ Siveyans rapò yo pou potansyèl rapèl pwodui oswa alèt sante

## Pou plis enfòmasyon



eskane mwen

Eskane pou konsilte oswa telechaje *Gid pou yon Konsomasyon Kanabis ki pi An Sekirite Biwo Jesyon Kanabis la pibliye a.*

## Ki jan kanabis ka afekte m?

W ap santi efè kanabis la imedyatman yon pwodui kanabis konbine avèk Sistèm Andokanabinoyid (ECS) nan kò a. Sistèm Andokanabinoyid la se yon rezo siyal ak reseptè ki kontwole anpil nan fonksyon nan kò nou, tankou sistèm nève nou.

Eksperyans ou pral depann sou ki konpoze kanabis ki nan pwodui a:

- **THC (tetra-idwokanabinòl)** pwodui efè siko-aktif, oswa sansasyon efori (high).
- **CBD (kanabidòyl)** pa pwodui sansasyon efori (high) men li ka pwodui efè terapetik.

Yon pi gwo pousantaj THC pa nesèsman garanti yon pi bon eksperyans ak kanabis epi sa ka pwodui efè endezirab.



Puisans lan, oswa “fòs” pwodui kanabis ki disponib ki gen THC, pati siko-aktif plant lan, ogmante nan dènye deseni yo.

## Efè posib pwodui kanabis ki gen THC yo enkli:



Efè Mantal oswa Emosyonèl

- Chanjman nan atitud/imè (eksite, rilaks)
- Chanjman nan pèsepsyon tan
- Rediksyon nan atansyon ak memwa kout tèm
- Kriz panik, panse paranoyak



Efè Fizik

- Efori
- Relaksasyon
- Je wouj
- Bouch sèch
- Chanjman nan batman kè
- Ogmantasyon apeti

## Ki pwodui kanabis ki disponib?

Pwodui kanabis yo disponib nan plizyè fòm diferan, tankou:



Bwason



Flè/Boujon



Pwodui Kolestib



Pwodui Topik/Bòm



Li ka pran jiska 2 èdtan pou w santi efè nenpòt pwodui kanabis moun konsome oralman.

**Budtender** yo se anlwaye dispansè ki ka bay ou eksplikasyon sou pwodui ki disponib yo epi ede w achte.

Si w gen feblès nan misk oswa mobilite limite, mande yon budtender pou montre w ki jan pou w louvri pake a oswa rekòmande w pwodui ki pi fasil pou itilize.



Toujou verifie si yon dispansè gen lisans OCM nan lè w eskane Kòd QR ki sou fich sa a, ou ka jwenn li deyò dispansè ki gen lisans legal yo, sa ap mennen w sou [cannabis.ny.gov](https://cannabis.ny.gov).



eskane mwen

Eskane pou aprann ki jan pou w li etikèt pwodui kanabis yo



Anpil pwodui CBD ki mete aksan sou efè entoksikasyon yo gen anpil chans pou yo pa reglemante; yo souvan konsidere yo kòm ilegal epi Eta a pa ni teste yo ni kontwole yo.